# Xızmetler tarawınıń rawajlanıwı - ámelge asırılıp atırǵan reformalardıń aynası.

Búgingi kúnde xızmetler tarawı Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń jedel rawajlanıp atırǵan tarmaqlarınan biri bolıp esaplanadı.

2020- jıl yanvar- avgust aylarında bazar xızmetleri kólemi 3955,8 mlrd. sumdı quraǵan bolıp, ótgen jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda 102,4 % ke ósti.

Xızmetler quraminda jámi xızmetlerdiń eń úlken úlesi transport xızmetleri (25,9 %), sawda xızmetleri (23,0 %), finansliq xızmetler (20,9 %), baylanis hám málimleme xızmetleri (6,2 %) esesine tuwri keledi.

**2020- jıl yanvar- avgust aylarında kórsetilgen xızmetler quramı, % te**




*<u>Maǵlıwmat ushın</u>: 2019- jıl yanvar- avgust aylarinda kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi 3568,2 mlrd. sumǵa teń bolǵan.*

2020- jıl yanvar- avgust aylarında kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi ótgen jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda (387,6 mlrd. sumǵa) ósti. Jıldıń aldıńgı 2020- jıl yanvar-iyul ayları dáwrine salıstırǵanda xızmetler kólemi (548,1 mlrd. sumǵa) kóbeydi.

### Ayrım xizmet túrleri kóleminiń salıstırılıwı, mlrd. sum




Transport xızmetleri (142,0 mlrd. sumǵa), sawda xızmetleri (128,9 mlrd. sumǵa), finanslıq xızmetler (119,9 mlrd. sumǵa), baylanıs hám málimleme (32,7 mlrd. sumǵa) sıyaqlı xızmetler kóleminiń asıwı 2020-jıl yanvar-iyul aylarına salıstırılǵanda kórsetilgen bazar xızmetleri kóleminiń ósiwine sebeb boldı.

## 2020- jıl yanvar-avgust aylarında ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha islep shıǵarılǵan xızmetlerdiń tiykarǵı kórsetkishleri

| | Kólemi, mlrd. sum | Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti, % te |
|---|---|---|
| **Xızmetler – jámi** | **3955,8** | **102,4** |
| Sonnan | | |
| baylanıs hám málimleme xızmetleri | 246,2 | 108,0 |
| finanslıq xızmetleri | 828,0 | 128,1 |
| transport xızmetleri | 1025,5 | 100,1 |
| sonnan: avtotransport xızmetleri | 554,7 | 98,0 |
| jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 109,8 | 95,1 |
| sawda xızmetleri | 908,5 | 95,5 |
| kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 105,4 | 88,0 |
| tálim tarawındaĝı xızmetler | 198,2 | 120,7 |
| densawlıqtı saqlaw tarawındaĝı xızmetler | 38,7 | 73,4 |
| ijara xızmetleri | 77,4 | 83,8 |
| kompyuterlerdi ońlaw boyinsha xızmetler | 111,7 | 91,0 |
| jeke xızmetler | 141,8 | 92,4 |
| arxitektura tarawında ǵ ı xızmetler | 53,8 | 64,1 |
| basqa xızmetler | 110,8 | 87,2 |

## 2020- jıl yanvar-avgust aylarında ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha bazar xızmetleriniń ósim pátleri, % te




**1** Jámi xızmetler
**2** Baylanıs hám málimleme xızmetleri
**3** Finanslıq xızmetleri
**4** Transport xızmetleri
**5** Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri
**6** Sawda xızmetleri
**7** Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler
**8** Tálim tarawındağı xızmetler
**9** Densawlıqtı saqlaw tarawındağı xızmetler
**10** Ijara xızmetleri
**11** Kompyuterlerdi ońlaw boyınsha xızmetler
**12** Jeke xızmetler
**13** Arxitektura tarawındağı xızmetler
**14** Basqa xızmetler

2020- jıl yanvar-avgust aylarında ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda finanslıq xızmetleri (28,1 %), baylanıs hám málimleme xızmetleri (8,0 %) hámde tálim tarawındağı xızmetler (20,7 %) payda etken.

## 2020- jıl yanvar-avgust aylarında kórsetilgen bazar xızmetleriniń quramı, % te

| | |
|---|---|
| Transport xızmetleri | 25,9% |
| Sawda xızmetleri | 23,0 % |
| Finanslıq xızmetler | 20,9 % |
| Baylanıs hám málimleme xızmetleri | 6,2 % |
| Tálim tarawındağı xızmetler | 5,0 % |
| Jeke xızmetler | 3,6 % |
| Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 2,8 % |
| Basqa xızmetler | 2,8 % |
| Kompyuterlerdi ońlaw boyinsha xızmetler | 2,8 % |
| Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 2,7 % |
| Ijara xızmetleri | 1,9 % |
| Arxitektura tarawındağı xızmetler | 1,4 % |
| Densawlıqtı saqlaw tarawındağı xızmetler | 1,0 % |

Jámi xızmetler quramında eń úlken úlesi transport xızmetleri (25,9 %), sawda xızmetleri (23,0 %), finanslıq xızmetler (20,9 %) hámde baylanıs hám málimleme xızmetleri (6,2 %) úlesine tuwrı keledi.

## 2020- jıl yanvar-avgust aylarında ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha xızmetler islep shıǵarıw kólemi

| | | |
|---|---|---|
|  | Transport xızmetleri | 1025,5 mlrd. sum |
|  | Sawda xızmetleri | 908,5 mlrd. sum |
|  | Finanslıq xızmetler | 828,0 mlrd. sum |
|  | Basqa xızmetler | 280,7 mlrd. sum |
|  | Baylanıs hám málimleme xızmetleri | 246,2 mlrd. sum |
|  | Tálim tarawındaǵı xızmetler | 198,2 mlrd. sum |
|  | Jeke xızmetler | 141,8 mlrd. sum |
|  | Kompyuterlerdi ońlaw boyinsha xızmetler | 111,7 mlrd. sum |
|  | Jasaw hám awqatlanıw xızmetler | 109,8 mlrd. sum |
|  | Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 105,4 mlrd. sum |

Eń joqarı bazar xızmetleri kólemi transport xızmetleri (1025,5 mlrd. sum), sawda xızmetleri (908,5 mlrd. sum), finanslıq xızmetleri (828,0 mlrd. sum) hámde baylanıs hám málimleme xızmetlerinde (246,2 mlrd. sum) gúzetilgen.

Házirgi waqıtta sawda tarawı bazar talabın anıqlawshı tiykarǵı qatnasıwshılardan bolıp esaplanadı. Búgingi kúnde sawda xızmetleri mámleket ekonomikasında kórsetilip atırǵan xızmetler ulıwma kóleminiń sezilerli bólegin quraydı. Respublikada zamanagóy axbarot texnologiyalarınan paydalanǵan halda usaqlap satıw sawda tarmaqları rawajlanbaqta.

2020- jıl yanvar-avgust aylarında sawda xızmetleri kólemi 908,5 mlrd. sumǵa teń boldı. Kórsetilgen xızmetler ulıwma kólemindegi úlesi 23,0 % ti quradı.

Sawda xızmetleri quramına avtomobiller hám motocikller sawdasinan tısqari usaqlap satıw sawdası boyınsha xızmetleri úlken salmaqqa iye bolıp, oniń úlesi 79,8 % ti quradı.

Kótere sawda boyınsha xızmetlerdiń (avtomobiller hám motocikller sawdasınan tısqarı) úlesi 13,2 % ke jetti.

Avtomobiller hám motocikller ońlaw boyńınsha xızmetlerdi qosqan halda avtomobiller hám motocikller kótere hám usaqlap satıw sawdası boyınsha xızmetleri ulıwma sawda xızmetleri kóleminde 7,0 % ti iyeledi.

**2020- jıl yanvar-avgust aylarında sawda xızmetleri quramı, % te**



Zamanagóy bank xızmetlerin kórsetiw, solar qatarına “sanlı” banklar hám usaqli xızmetler kórsetiwge arnalǵan bank bólimlerin dúziw ushin innavacion bank texnalogiyaların sińdiriw, araliqtan turıp bank xızmetlerin kórsetiw, tólem sistemasin rawajlandiriw finans xızmetleriniń rawajlanıwına járdem berdi.

2020- jıl yanvar-avgust aylarında finanslıq xızmetler kólemi 828,0 mlrd. sumǵa teń bolıp, ótken jıldıń sáy dáwirine salıstırǵanda ósim páti 128,1 % ti kórsetti.

**2020- jıl yanvar-avgust aylarında finanslıq xızmetlerdiń quramı, % te**




**Xızmetler tarawı statistikası bólimi**
**61-224-92-15**